



EMERGENCY BROADBAND BENEFIT: KIJAN POU JWENN FON FEDERAL POU BEZWEN NIMERIK YO

Kisa li ye?

- Emergency Broadband Benefit (EBB) se yon pwogram leta. Se yon sèvis tanporè yo kreye pou ede fwaye yo reponn a bezwen nimerik yo pandan pandemi an.
- Pwogram nan ofri fwaye ki kalifye yo jiska \$75 rabè chak mwa pou wo debi. Li ofri yon sèl rabè tou ki ka rive jiska \$100 sou laptop, tablèt oswa òdinatè biwo. Patisipan yo dwe kontribye ant \$10 a \$50 pou aparèy la ka kalifye.

Kiyès ki kalifye?

- **Fwaye revni yo enferyè oswa egal a 135% nivo povrete nasyonal la.**
 - Yon fwaye se yon gwoup moun kap viv ansanm e ki pataje lajan. Moun kap viv ansanm men ki pa pataje lajan, yo chak se yon fwaye diferan.
- **Fwaye kote yonn nan manm yo fè pati yonn nan kategori sa yo:**
 - Ou patisipe nan pwogram SNAP, Medicaid, SSI, pwogram federal ki bay èd pou lojman piblik oswa lòt prestasyon pansyon pou Veteran ak Sivivan.
 - Ou patisipe nan yonn nan divès pwogram triba yo
 - Ou resevwa bous federal Pell pandan ane atribisyon aktyèl la.
 - Wap resevwa prestasyon nan kad yon pwogram kantin eskolè.
- **Fwaye ki gen:**
 - yon manm ki pèdi travay li oswa ki nan chomaj akòz COVID-19 la, epi
 - revni total li enferyè oswa egal a \$99 000 pou moun ki ranpli pou kont yo epi \$198 000 pou moun ki ranpli an koup.

Kijan pou aplike?

- [Online](#) (sou entènèt) atravè Sosyete Administrasyon Sèvis Inivèsèl la
- Pa lapòs an [English](#) oswa an [Spanish](#) (gade [enstriksyon yo nan nèf lòt lang](#))
- Kontakte founisè sèvis a wo debi ou a dirèkteman. Itilize [online tool](#) (zouti enfòmasyon) sa a pou w jwenn yon prestatè patisipan ki pa lwen ou si w pa genyen.

Pou w ka konnen plis sou EBB a, konsilte sit entènèt [get emergency broadband website](#) la.